



Pou Piblikasyon Imedya: 23/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE FINISMAN DEVLOPMAN PWOJÈ YON LOJMAN SIPÒ KI ABÒDAB POU GRANMOUN YO POU 20 MILYON DOLA NAN BROOKLYN**

*Nouvo lokal yo fè konstwi nan 333 Lenox Road pote 58 lojman abòdab e konvivial nan katye Lefferts Gardens la*

*Devlopman pwojè pou Sipòte "Inisyativ Sante Atravè Tout Politik yo ak Eta Ki Apwopriye pou Moun Tout Tranch Laj yo" gras ak Kreyasyon apatman ki fèt pou Granmoun yo*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse finisman devlopman yon lojman sipò ki abòdab ki koute 20 milyon dola nan katye Lefferts Gardens nan Brooklyn. Nouvo devlopman nan 333 Lenox Road bay 58 apatman nan pri abòdab pou granmoun nan yon bilding ki fèt pou satisfè bezwen espesyal moun k ap viv nan zòn nan ki fin vyeyi.

"Nan New York, nou pran angajman pou nou pran swen kominote granmoun nou yo epi asire yo ka vyeyi nan pwòp kay yo ak pwòp katye yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nouvo devlopman sa a ofri yon anviwònman abòdab e ki apwopriye pou moun ki gen laj la pral pèmèt granmoun Nouyòkè yo viv yon fason endepandan e ki konfòtab pandan plizyè ane."

"Ouvèti nouvo lojman sa a nan Brooklyn se youn nan plizyè envestisman nan lojman sipò e ki abòdab nan zòn nan", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Bilding apatman sa a ajoute 58 lojman abòdab byen ekipe ki gen ladan l'espas kominotè ak yon jaden sou do li, epi detay konsepsyon nan chak apatman yo fèt pou asire sekirite rezidan ki pi granmoun yo. Pwogrè nou wè isit la nan Brooklyn nan ap kontinye nan lòt kominote toupatou nan Vil New York ak nan tout Eta a paske li fè pati plan lojman 20 milya dola nou an pou ajoute e prezève kay abòdab, amelyore kalite lavi epi ede konbat sanzabri."

Pwojè nan 333 Lenox Road la fè pati angajman Gouvènè a pran pou l bay tout Nouyòkè yo aksè a lojman sekirite ki nan yon pri abòdab gras a plan lojman san presedan li an k ap koute 20 milya dola sou senk an. Plan an se yon apwòch global pou abòde pwoblèm lojman toupatou atravè eta a epi li gen ladan inisyativ devlopman lojman miltifamilyal ak inifamilyal, ak devlopman kominotè pou rann lojman aksesib epi konbat fenomèn sanzabri a lè li konstwi oubyen prezève plis pase 100,000 lojman abòdab ak 6,000 lojman ki gen sèvis sipò.

Depi 2011, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la te envesti plis pase 10 milya dola nan rejyon Vil New York la ki

te kreye oswa prezève lojman ki nan pri abòdab pou plis pase 100,000 rezidan, ki gen ladan 15,300 apatman pou plis pase 41,000 moun nan Brooklyn.

Bilding 13-istwa gen 24 estidyo ak 33 apatman yon sèl chanm ladan l. Se granmoun ki gen revni ki nan 60 pousan oubyen ki pi ba pase revni mwayen zòn nan ki pral okipe tout apatman yo. Nèf kay yo pral resevwa asistans pou lwaye atravè Inisyativ Lojman Sipò pou Empire State Gouvènè a (Empire State Supportive Housing Initiative, ESSHI), epi uit kay pral resevwa asistans pou lwaye nan Seksyon 8 Pwojè a.

Bilding lan gen yon konsepsyon ki fèt pou granmoun kote chak apatman gen kòd ijans ou ka rale, bawo sipò nan twalèt la, douch aksesib gras ak fotèy woulan ki gen limyè ki aktive gras ak yon detektè mouvman. Sèvis Aktif Selfhelp pou Granmoun Aje Modèl yo (Selfhelp Active Services for Aging Model, SHASAM) founi sèvis travay sosyal yo. Yon travayè sosyal sou plas òganize aktivite ki bay sèvis lwazi, edikasyon ak byennèt pou rezidan yo.

Ekipman adisyonèl yo enkli espas kominotè, yon jaden sou do l pou lwazi, yon laboratwa enfòmasyon, aparèy efikasite enèjetik, kwizin modèn, enstalasyon depo ak lesiv ak siveyans sikwi fèmen sou televizyon nan tout zòn bilding nan. Gen de estasyon tren ki tou pre ki sèvi bilding lan e ki tou pre bilding SUNY Downstate Medical la.

Selfhelp te fonde an 1936 pou ede moun ki sove anba Almay Nazi an. Yo pral rele bilding 333 Lenox Road la "The Joseph and Pauline Charatan Residence" pou rann omaj bay paran vis prezidan Fondasyon Sèvis Kominotè Selfhelp la (Selfhelp Community Services Foundation), Debrah Lee Charatan. Joseph ak Pauline Charatan se sivivan Olokòs la.

Finansman Leta te bay pou 333 Lenox Road la gen ladan l kredi taks pou Revni Lojman ki Ba ki te pwodwi 14,5 milyon dola an ekite nan men HCR. Depatman Sante (Department of Health) Eta New York ap bay sibvansyon lwaye pou lojman ESSHI yo. Bank of America Merrill Lynch ak Federal Home Loan Bank la pral bay finansman adisyonèl.

Ekip devlopman se yon antrepriz komen ant Sèvis Kominotè Selfhelp ak The Briarwood Organization.

**RuthAnne Visnauskas, ki se Komisè HCR, te deklare,** "Twò souvan, granmoun Nouyòkè ki gen revni fiks yo ap peze anba ogmantasyon depans lojman ak swen sante yo. Gras ak 333 Lenox Road, nou ap ede 58 granmoun jwenn sekirite ak endepandans ak apatman ak sèvis ki fèt pou satisfè bezwen yo. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, nou ap ogmante opòtinite lojman sipò e abòdab pou granmoun yo nan tout rejyon nan Eta a".

**Komisè Depatman Sante Eta New York la, Dr. Howard Zucker, te di,** "Lojman abòdab ak posiblite pou rete nan kominote a se eleman kle nan fason pou granmoun yo viv an sante e pou yo vyeyi. Avèk aksè fasil pou transpò piblik ak sèvis medikal ak yon ti mache tou piti pou ale nan Prospect Park la, 333 Lenox Road ofri rezidan yo yon

varyete opòtinite ak ede kenbe New York kòm yon Eta ki apwopriye pou moun tout franch la".

**Senatè Zellnor Y. Myrie te deklare,** "Se chak jou, granmoun yo vini nan biwo mwen pou mande èd pou jwenn oswa kenbe lojman ki abòdab. Granmoun yo pa ta dwe ap fè fas ak ensekirite lojman, men nou konnen ke se bagay k ap fèt chak jou nan Brooklyn Santral. Mwen kontan wè jan lojman abòdab adisyonèl sa yo ki prepare selon bezwen granmoun yo nan kominote nou an ke nou gen gwo bezwen".

**Manm Asanble Diana Richardson te deklare,** "Li ankourajan pou nou wè jan nou bay lojman san danje e ki abòdab pou granmoun nou yo priyorite. Anpil moun vle vyeyi nan zòn nan men se yon batay pou yo jwenn lojman nan vil nou an. 333 Lenox Road se yon diplis ki byenvini nan efò n ap fè pou nou kreye lojman vrèman abòdab nan Brooklyn pou granmoun".

**Prezidan Minisipalite Brooklyn lan, Eric L. Adams te deklare,** "Brooklyn se yon kote ki gen yon popilasyon k ap vyeyi, ak youn nan defi kle n ap fè fas demografikman se aksè a lojman abòdab. Nouvo devlopman nan 333 Lenox Road ta dwe sèvi kòm yon modèl lojman pou granmoun nan minisipalite a ki bay yon seri sèvis konplè ki reponn a bezwen rezidan ki aje yo. Mwen remèsye HCR pou patenarya yo sou pwojè enpòtan sa a".

**Manm Konsèy Vil la, Mathieu Eugene te di,** "Mwen vle felisite Sèvis Kominotè Selfhelp la, Briarwood Organization, Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, Depatman Sante Eta New York ak enstitisyon ki soti nan sektè prive a ki te kolabore sou devlopman lojman sipò ki abòdab pou granmoun nou yo. Antanke yon vil, li trè enpòtan ke nou bay tout resous ki disponib pou ede kominote aje a kenbe yon bon jan kalite lavi ki konfòtab pou yo. Yo te pase vi yo ap travay di pou kreye yon fondasyon pou jenerasyon k ap vini yo reyisi, kidonk li enperatif pou nou sipòte yo tout fason sa posib. Mwen kwè ke lè nou etann efò kolaborasyon nou yo, nou pral kapab kreye plis lojman pou soulaje chay ki sou do granmoun nou yo ak moun k ap pran swen yo".

**Prezidan Sèvis Kominotè Selfhelp la, Stuart C. Kaplan deklare,** "Se ak kè kontan Selfhelp ap ouvri 333 Lenox Road, The Joseph and Pauline Charatan Residence. Selfhelp pran angajman pou ede tout Nouyòkè yo ki aje yo endividyèlman e ak diyite, gras ak lojman ki abòdab kòm kòmansman sèvis nou yo. Mwen vle remèsye Debrah Lee Charatan pou sipò jenere li nan Selfhelp, The Briarwood Organization, patnè devlopman nou, ak Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York, Depatman Sante Eta New York, Bank of America Merrill Lynch ak Federal Home Loan Bank pou finansman pwojè a".

**Direktè Prensipal Briarwood Organization yo Vincent Riso ak Ira Brown te deklare,** "Nou trè fyè dèske nou te gen opòtinite pou asosye nou kòm ko-devlopè e kontraktè jeneral avèk Selfhelp, HCR ak Bank of America pou pote gwo pwojè sa a pou fè yon lide tounen yon reyalite pou 58 fanmi yo. Depi fen lane 1980 yo, antanke kontraktè jeneral, Briarwood te devlope epi bati plizyè milye lojman tankou sa yo ki nan Joseph and Pauline Charatan Residence lan. Briarwood Organization se yon konpayi

ki sou senkyèm jenerasyon ki chita nan Queens e ki nan premye plan nan bati lojman abòdab ak mendèv nan Vil New York depi 1912".

**Bank of America Merrill Lynch, Vis Prezidan Prensipal Gwoup Devlopman Kominote Bankè a (Community Development Banking Group) Todd A. Gomez te deklare,** "Bank of America Merrill Lynch te kontan ede Sèvis Kominotè Selfhelp la ak The Briarwood Organization pou fè vizyon yo te gen pou 333 Lenox Road tounen yon reyalite. Kreye 58 lojman abòdab nan Brooklyn se yon etap enpòtan nan lide pou satisfè gwo demann opsyon lojman pou granmoun ki kalifye nan Vil New York. Nou angaje nou pou ede kliyan nou yo bay lojman san danje, abòdab nan katye tankou Lefferts Gardens ak kominote menm jan an atravè peyi Etazini an".

###

Lèt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)